

Administrasyon Sekirite Sosyal Enfòmasyon ki enpòtan



LÈT AKONPAYMAN SA A SE POU BAY ENFÒMASON SÈLMAN.
PA RANPLI PAJ KI ANNAPRÈ YO. SE PA YON FÒM APLIKASYON

Ou ka kalifye pou jwenn Asistans Sipleman tè pou ede w peye pou medikaman ak preskripsyon ou yo.

Pwogram medikaman ak preskripsyon Medicare la ba w posiblite pou chwazi pami divès plan preskripsyon ki ofri diferan kalite kontra asirans. Epitou, ou ka kapab jwenn Asistans Sipleman tè pou ede w peye prim masyèl, franchiz anyèl ansanm ak ko-peman yo ki gen pou wè ak pwogram medikaman ak preskripsyon Medicare yo.

Men anvan nou kapab ede w, **ou dwe konplete aplikasyon sa a, mete li nan anvlop la epi voye nan lapòs jodi a.** Oswa ou ka ranpli yon aplikasyon sou Entènèt nan www.socialsecurity.gov. Nou pral egzamine aplikasyon ou epi n ap voye w yon lèt pou fè w konnen si w kalifye pou Asistans Sipleman tè. Pou kapab sèvi ak Asistans Sipleman tè a, ou dwe enskri nan yon plan medikaman ak preskripsyon Medicare.

Si w bezwen asistans pou ede w ranpli aplikasyon an, rele Sekirite Sosyal nan **1-800-772-1213** (Malantandan **1-800-325-0778**). Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan www.socialsecurity.gov.

W ap kapab jwenn asistans nan men Eta w pou ede w peye lòt depans Medicare ki kouvri anba Pwogram Ekonomi Medicare yo. Apre w fin ranpli fòm sa a, w ap kòmanse pwosesis aplikasyon an pou w kapab enskri nan yon Pwogram Ekonomi Medicare. Nou pral voye Eta w enfòmasyon epi l ap kontakte w pou ede w aplike pou yon Pwogram Ekonomi Medicare, eksepte si nan repons ou bay pou kesyon 15 ki nan fòm sa a ou mande pou nou pa fè l.

Si w bezwen enfòmasyon osijè Pwogram Ekonomi Medicare yo, plan medikaman ak preskripsyon Medicare yo oubyen kijan pou enskri, rele nan **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227; Malantandan 1-877-486-2048)** or visit www.medicare.gov. Ou kapab mande plis enfòmasyon konsènan fason pou kontakte Pwogram Konsiltasyon Asirans Sante ak Asistans (Health Insurance Counseling and Assistance Program – SHIP). SHIP kapab reponn kesyon ou ta renmen poze osijè Medicare.

Tanpri voye aplikasyon ou nan lapòs san pèdi tan.

Carolyn W. Colvin
Komisè Pwovizwa



Esplikasyon jeneral pou ranpli aplikasyon an pou jwenn Asistans Sipleman tè pou peye Plan Medikaman ak Preskripsyon Medicare lan

Si w ap ede yon lòt moun ranpli aplikasyon sa a _____

Reponn kesyon yo tankou si se te moun lan ki t ap ranpli aplikasyon an pou kont li. Ou dwe konnen nimewo Sekirite Sosyal ak enfòmasyon finansyè moun lan. Epitou, ranpli Seksyon B ki nan paj 6.

Èske w gen Medicare ak Revni Sekirite Sipleman tè (SSI) oswa Medicare ak Medicaid?

Si repons la se WI, pa ranpli aplikasyon sa a paske w ap resevwa Asistans Sipleman tè otomatikman.

Èske pwogram Medicaid nan Eta w peye pou prim Medicare ou yo poutèt ou enskri nan yon Pwogram Ekonomi Medicare?

Si repons la se WI, kontakte biwo Medicaid nan Eta w pou kapab jwenn plis enfòmasyon. Ou kapab benefisyè Asistans Sipleman tè otomatikman epi pètèt ou p ap bezwen ranpli aplikasyon sa a.

Kijan pou ranpli Aplikasyon sa a _____

- Sèvi ak LANK NWA sèlman;
- Lè w ekri nimewo, lèt ak kwa yo, pa kite yo depase bwat kote pou ekri yo; sèvi sèlman ak lèt MAJISKIL;
- Pa ajoute okenn kòmantè alekri sou aplikasyon an;
- Pa itilize okenn siy dola lè w ap make montan lajan; e
- Ou ka awondi santim yo rive nan montan an dola ki antye.

EGZANP

Plase yon kwa (X) andedan bwat la. PA ranpli ni pa koche bwat yo (pa make yon X andedan bwat yo.

 KÒRÈK	 PA KÒRÈK
------------------	---------------------

EGZANP

Sèvi ak lèt majiskil lè w ap make repons yo

A	B	C	D
---	---	---	---

Fason pou Ranpli Aplikasyon an _____

Ou ka ranpli aplikasyon an sou Entènèt nan www.socialsecurity.gov oubyen sèvi ak anvlòp sa a ki deja gen adrès ak tenm sou li pou voye aplikasyon ou ki ranpli nèt epi ki gen siyati w nan:

Social Security Administration
Wilkes-Barre Data Operations Center
P.O. Box 1020
Wilkes-Barre, PA 18767-9910

Voye tout pakè aplikasyon an tounen nan anvlòp sa a. Pa mete okenn lòt bagay nan anvlòp la. Si nou bezwen plis enfòmasyon, na kontakte w.

REMAK: Pou soumèt kandidati w, ou dwe rete nan OUMENM nan 50 Eta yo oswa nan Distri Columbia.

Si w gen kesyon oswa si w bezwen asistans pou ranpli aplikasyon an _____

OUMENM can call us toll-free at **1-800-772-1213**, or if OUMENM are deaf or hard of hearing, OUMENM may call our TTY number, **1-800-325-0778**.



Aplikasyon pou Èd Sipleman tè pou Depans Plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon

APLIKASYON SA A SE POU MANDE ASISTANS SIPLEMAN TÈ epi LI P AP ENSKRI W NAN YON PLAN MEDICARE POU MEDIKAMAN AK PRESKRIPSYON.

1. Non kandida a: Ekri non kandida ak lèt majiskil **jan li make sou kat Sekirite Sosyal ou an**. Make chak lèt nan yon bwat.

PRENON

INISYAL DEZYÈM PRENON

SIYATI

SIFIKS (Jr., Sr., elatriye)

 - -

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL KANDIDA A

 - -

DAT NESANS KANDIDA A

(2 chif pou jou a, 2 chif pou mwa a ak 4 chif pou ane a)

2. Si w **marye epi ou rete nan menm kay ak konjwen w**, tanpri bay enfòmasyon sa yo **jan yo make nan kat Sekirite Sosyal konjwen w**. Si w poko marye, si w pa rete nan menm kay ak konjwen w oswa si w vèf, ale dirèkteman nan kesyon 3 epi pa make okenn enfòmasyon konsènan konjwen ou nan aplikasyon sa a.

PRENON

INISYAL DEZYÈM PRENON

SIYATI

SIFIKS (Jr., Sr., elatriye)

 - -

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL KONJWEN AN

 - -

DAT NESANS KONJWEN AN

(2 chif pou jou a, 2 chif pou mwa a ak 4 chif pou ane a)

Si konjwen w gen Medicare, èske l vle aplike tou pou Asistans Sipleman tè an?

WI

NON

3. Si w **marye epi ou rete nan menm kay la ak konjwen an**, èske w gen ekonomi, investisman oubyen byen imobilye ki vo plis pase \$26,860? Si w pa marye oswa si w pa rete nan menm kay ak konjwen ou, èske valè an plis pase \$13,440? **PA konte kay ou, veyikil, byen pèsonèl, asirans-vi, kavo, kontra pou yon kavo ki irevokab oswa peman Sekirite Sosyal oswa SSI peye w anreta (aryere).**

WI Si w make yon kwa an bwat pou **WI a**, ou pa elijib pou resevwa Asistans Sipleman tè a. Men Eta w pètèt ta kapab ede w peye depans Medicare ou yo gras ak pwòp Pwogram Ekonomi Medicare pa yo. Pou kòmanse pwosesis aplikasyon an pou Pwogram Ekonomi Medicare yo, ale dirèkteman nan paj 6, siyen aplikasyon an voye l tounen ban nou. Si Pwogram Ekonomi Medicare yo pa enterese w, ale dirèkteman nan kesyon 15 ki nan paj 5.

NON oswa PA KONNEN Si w make yon kwa nan bwat ki devan **NON oswa PA KONNEN**, ranpli rès aplikasyon an voye l tounen ban nou.



Si w make yon kwa nan bwat ki devan **NON** oswa **PA KONNEN**, pou kesyon 3, reponn tout kesyon ki annapre yo. Si w marye epi ou rete nan menm kay ak konjwen ou, ou dwe reponn tout kesyon yo pou toulède.

4. Make anba la a montan lajan ki nan tout kont labank, tout investisman oswa lajan kach oumenm, konjwen ou, si w marye epi si ou rete nan menm kay avèk li, oswa nou toulède ansanm genyen. Epi tou liste tout bagay ki pou w ak pou yon lòt moun ansanm. Make sèlman montan an dola, pa make nimewo kont yo. Si oumenm oswa konjwen ou pa gen okenn bagay ki nan lis sa a, kèlkeswa si byen yo pou w sèlman oswa pou w ak pou yon lòt moun ansanm, make yon kwa nan bwat ki make **ZEWO**. **PA MAKE** okenn peman anreta Sekirite Sosyal oswa SSI te dwe w pandan 10 mwa ki sòt pase yo.

<ul style="list-style-type: none"> Total konbine tout kont labank yo (kont kouran, kont depay ak sètifika depo) 	<input type="checkbox"/> ZEWO	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
<ul style="list-style-type: none"> Total konbine tout aksyon, obligasyon, obligasyon epay, fon mityèl, Kont endividyèl pou retrèt (IRA) oswa lòt investisman konsa. 	<input type="checkbox"/> ZEWO	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
<ul style="list-style-type: none"> Nenpòt ki lòt lajan kach ki lakay ou oswa yon lòt kote 	<input type="checkbox"/> ZEWO	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>

5. Èske yon pati nan lajan ki soti nan lis **kesyon 4** la pral sèvi pou peye pou depans antèman oswa pou kavo an?

Si repons la se **WI**, ale dirèkteman nan kesyon 6.

Si repons la se **NON**, make yon kwa nan bwat ki devan **NON** an, epi kontinye nan kesyon 6 la.

OUMENM: **NON**

KONJWEN W: **NON**

6. Apa de kay ou ak pwopriyete kote kay la ye, èske oumenm oswa konjwen ou, si w marye epi si ou rete nan menm kay avèk li, gen yon byen imobilye ki pou nou toulède ansanm? Bay kèk egzanzp byen imobilye, pwopriyete ou bay moun lwe oswa teren ki pa eksplwate ou genyen ki diferan ak kay kote ou rete a.

WI **NON**

7. Pou kesyon sa a, yon fanmi se yon moun ki gen menm "san" avèk ou, ki nan fanmi w gras ak adopsyon oswa maryaj (men ki pa konjwen ou). Konbyen fanmi rete avèk ou nan menm kay la epi ki depann de w oswa de konjwen ou poutèt oumenm oswa konjwen ou bay li **omwen mwaye** nan lajan yo bezwen pou viv antan soutyen finansye?

Tanpri pa mete ni oumenm ni konjwen nan chif ki reprezante kantite depandan nou genyen. Si se sèlman oumenm ak konjwen ou ki nan fwaye w, make yon kwa nan bwat ki devan **ZEWO** an. Plase yon kwa nan yon sèl bwat.

ZEWO **1** **2** **3** **4** **5** **6** **7** **8** **9** oswa **plis**



8. Si oumenm oswa konjwen w, si nou marye epi nou rete nan menm kay la, ap resevwa revni nan OUMENM nan sous ki liste anba la yo, ou dwe reponn kesyon an pou nou toulède. Tanpri make montan total nou resevwa chak mwa. **Si montan an chanje chak mwa oswa si w pa resevwa l chak mwa, make revni mwayen mansyèl ou te touche lane dènye pou chak kalite** nan bwat yo kreye pou sa. Pa liste la a salè anplwayè a peye w oswa salè ou touche kòm travayè endepandan ki travay pou tèt pa l, enterè kreditè, ranbousman medikal oswa peman pou fwaye dakèy (foster care). Si oumenm oswa konjwen ou pa resevwa revni ki sòti nan yon sous ki liste anba la a, make yon kwa nan bwat ki make **ZEWO** pou sous sa a.

		Benefis mansyèl
• Benefis Sekirite sosyal anvan dediksyon yo	<input type="checkbox"/> ZEWO	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
• Benefis Retrèt Chemennfè anvan dediksyon yo	<input type="checkbox"/> ZEWO	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
• Benefis Ansyen Militè anvan dediksyon yo	<input type="checkbox"/> ZEWO	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
• Lòt retrèt oswa anwite anvan dediksyon yo . Pa make lajan ou resevwa ki sòti nan kèlkeswa bagay ou te make pou kesyon 4.	<input type="checkbox"/> ZEWO	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
• Lòt revni ki pa liste anlè a, tankou pansyon alimantè, revni lwaye nèt, konpansasyon pou travayè, asirans-chomaj, peman prive oswa Eta a bay pou moun ki andikape, elatriye. (Es plike): _____	<input type="checkbox"/> ZEWO	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>

9. Èske OUMENM oswa plis nan montan lajan ou te make pou kesyon 8 te bese pandan 2 lane ki sòt pase yo?

WI

NON

Si w te travay pandan 2 lane ki sòt pase yo, ou dwe reponn kesyon 10 a 14. Si w marye epi ou rete nan menm kay ak konjwen ou epi OUMENM nan nou te travay pandan 2 lane ki sòt pase yo, ou dwe reponn kesyon 10 a 14. Sinon, ale dirèkteman nan kesyon 15.

10. Konbyen lajan ou panse w ap touche kòm salè anvan taks ak dediksyon pou ane **sivil sa a**?

OUMENM: **ZEWO** \$, .

KONJWEN W: **ZEWO** \$, .



11. Konbyen lajan ou pral touche kòm revni nèt antan travayè endepandan ane **sivil sa a**?

Make yon kwa nan bwat ki devan **ZEWO** a si ou pa travayè endepandan epi ale dirèkteman nan kesyon 12.

OUMENM: **ZEWO** \$, .

KONJWEN: **ZEWO** \$, .

Make yon kwa nan bwat (yo) si oumenm oswa konjwen ou panse yo pral gen yon pèt nèt.

OUMENM: KONJWEN:

12. Èske montan lajan ou liste nan kesyon 10 oswa 11 te bese pandan 2 lane ki sòt pase yo?

WI **NON**

13. Si oumenm oswa konjwen ou te sispann travay nan lane 2013 oswa 2014 oubyen ou prevwa w ap sispann travay an 2014 oswa 2015, make mwa ak lane a.

EGZANP

Pou janvyè – septanm, make yon zewo (0) nan premye bwat la, epi 2014 ta dwe make konsa:

<input type="text"/> 0 <input type="text"/> 5	<input type="text"/> 2 <input type="text"/> 0 <input type="text"/> 1 <input type="text"/> 4
MM	Y Y Y Y

OUMENM: 2 0
M M Y Y Y Y

KONJWEN: 2 0
M M Y Y Y Y

Si w gen mwens pase 65 kan, reponn kesyon 14. Si w marye epi ou rete nan menm kay ak konjwen w epi youn nan nou gen mwens pase 65 kan, ale dirèkteman nan kesyon 14. Sinon, ale dirèkteman nan kesyon 15.

14. Èske oumenm oswa konjwen ou dwe peye bagay ou dwe genyen pou w kapab travay? Nou pral konte sèlman yon pati nan revni w yo pou kalkile limit revni a si w travay epi ou resevwa benefis Sekirite Sosyal poutèt ou andikape, ou avèg epi ou gen depans ki gen pou wè ak travay ou ki pa ranbouse. Men kèk egzanp nan depans sa yo: pri tretman medikal ak medikaman pou SIDA, kansè, depresyon oswa epilepsi; yon chèz woulant, sèvis yon asistan pèsònèl; modifikasyon nan oto w, asistans pou chofè machin oubyen lot bezwen ki gen pou wè ak transpò, teknoloji asistans ki gen pou wè ak travay, depans pou chen-gid, machin pou ede moun tande oswa wè ak tradiksyon an Bray (pou moun ki avèg).

OUMENM: **WI** **NON**

KONJWEN: **WI** **NON**

15. **Enfòmasyon osijè Pwogram Ekonomi Medicare yo:** Eta w ka ba w asistans pou ede peye depans ou yo gras ak Pwogram Ekonomi Medicare yo. Pou kapab kòmanse pwosesis aplikasyon an pou Pwogram Ekonomi Medicare, Sekirite Sosyal pral voye Eta w enfòmasyon ki sou fòm sa a, sof si w di nou pa fè sa. **Si w vle Pwogram Ekonomi Medicare yo ede w, pa reponn kesyon sa a. Annik siyen epi make dat sou aplikasyon an epi Eta w pral kontakte w.**

Si w **pa** enterese soumèt dosye w pou enskri nan Pwogram Ekonomi Medicare yo, make yon kwa nan bwat ki anba la.

Non, pa voye Eta an enfòmasyon yo.



Siyati yo ENFÒMASYON KI ENPÒTAN – TANPRI PRAN SAN W POU BYEN LI YO

Mwen menm/Nou konprann Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) pral kontwole deklarasyon mwen/nou yo epi li pral konpare yo ak enfòmasyon li genyen nan dosye li ak dosye lòt òganizasyon gouvènman federal, Eta a ak lokal genyen, tankou ak Sèvis Kòlèk Taks (IRS) pou asire li tout enfòmasyon yo kòrèk.

Si mwen depoze aplikasyon sa a, se paske mwen otorize SSA pou li chèche jwenn ak pou li divilge enfòmasyon ki gen pou wè ak revni, resous ak byen mwen/nou yo ki andedan ak andeyò peyi an, konfòmman ak lejislasyon ki pwoteje lavi prive moun. Enfòmasyon sa ka gen ladan, san li pa limite ak enfòmasyon konsènan salè, balans kont labank, envestisman, benefis ak retrèt mwen/nou yo.

Eksepte si mwen/nou te reponn « Non » pou Kesyon 15, mwen/nou ap otorize SSA pou li divilge enfòmasyon finansyè ki liste anlè a ansanm ak lòt enfòmasyon ki idantifyab pou chak moun ki nan dosye mwen/nou an, tankou non, dat nesans, sèks ak nimewo Sekirite sosyal mwen/nou (yo) pou kapab kòmanse pwosesis aplikasyon an pou enskri mwen/nou nan Pwogram Ekonomi Medicare yo.

Mwen/Nou deklare anba penalite pou move deklarasyon, mwen/nou te egzamine tout enfòmasyon ki sou fòm sa a epi mwen/nou jire tout enfòmasyon yo vre.

Tanpri konplete Seksyon A. Si w pa kapab siyen, yon reprezantan ka siyen pou w. Si gen yon moun ki te ede w, ranpli Seksyon B a tou.

Seksyon A

Siyati w:	Dat:	Nimewo telefòn:
Siyati konjwen w:	Dat:	
Adrès kote pou voye korespondans:		Apatman #:
Vil:	Eta:	Kòd postal:

Si w te chanje adrès kote pou yo voye w korespondans pa lapòs pandan twa mwa ki sòt pase yo, make yon kwa la a:

Si w pito nou kontakte yon lòt moun si nou gen plis kesyon nou ta renmen poze, tanpri make non moun lan ansanm ak nimewo telefòn lajounen li.

Make prenon li ak lèt majiskil:	Make siyati li ak lèt majiskil:	Nimewo telefòn: () —
---------------------------------	---------------------------------	--------------------------

Seksyon B

Si gen yon moun ki te ede w, make yon kwa nan bwat la ki dekri moun sa a epi bay rès enfòmasyon yo anba la a.

<input type="checkbox"/> Manm fanmi	<input type="checkbox"/> Avoka	<input type="checkbox"/> Lòt Defansè	<input type="checkbox"/> Lòt Esplike: _____
<input type="checkbox"/> Zanmi	<input type="checkbox"/> Ajans	<input type="checkbox"/> Travayè sosyal	_____

Ekri prenon an lèt detache:	Ekri non fanmi an lèt detache:	Nimewo Telefòn: —
Adrès:		Apatman #:
Vil:	Eta:	Kòd postal:



Lwa sou Enfòmasyon Prive / Avi sou rediksyon demach administratif

Seksyon 1860 D-14 nan *Lejislasyon sou Sekirite Sosyal*, jan yo te amande li, otorize nou kolekte enfòmasyon sa yo. Nou pral itilize enfòmasyon ou ban nou yo pou chèche konnen si w kalifye pou asistans pou ede w ak pòsyon ou dwe peye nan depans yon plan medikaman ak preskripsyon Medicare.

Ou pa oblije ban nou enfòmasyon sa yo. Men, si w deside pa ban nou tout oswa yon pati nan enfòmasyon yo, sa ka anpeche nou pran yon desizyon ki kòrèk epi ki rapid konsènan aplikasyon ou.

Nou raman sèvi ak enfòmasyon ou ban nou yo pou bagay ki pa gen pou wè ak desizyon konsènan kalifikasyon ou pou Asistans Sipleman tè pou Depans Plan Medikaman ak Preskripsyon Medicare yo. Nou ka divilge tou yon lòt moun oswa yon lòt ajans nenpòt ki enfòmasyon ki konfòm ak izaj woutin ki apwouve, ki gen ladan men ki pa limite ak sa ki annapre yo:

1. Pèmèt yon tyès pati oswa yon ajans ede Sekirite sosyal etabli dwa moun genyen pou resevwa benefis e/oswa ranbousman Sekirite sosyal;
2. Respekte lejislasyon federal ki mande pou yo divilge enfòmasyon ki nan dosye Sekirite sosyal (pa egzanp bay Biwo Responsablite Gouvènman ak Depatman Zafè Ansyen Militè);
3. Pou pran desizyon konsènan kalifikasyon pou lòt pwogram konsève revni ki sanblab onivo federal, Eta a ak onivo lokal; epi,
4. Pou fasilite rechèch estatistik, odit oubyen aktivite investigasyon ki nesè pou asire entegrite ak amelyorasyon pwogram Sekirite Sosyal yo (pa egzanp, pou Biwo Resansman ak metye prive anba kontra ak Sekirite sosyal).

Nou ka itilize enfòmasyon ou ban nou yo tou pou pwogram matching pa òdinatè. Pwogram matching yo konpare dosye nou yo ak dosye lòt ajans gouvènman federal, Eta yo oswa lokal gen nan biwo yo. Yo kapab itilize enfòmasyon yo kolekte gras ak pwogram matching sa yo pou etabli oswa verifye kalifikasyon yon moun pou pwogram benefis gouvènman federal finanse oswa jere ak pou ranbousman peman oswa dèt ki an reta nan kad pwogram sa yo.

W ap jwenn yon lis tout izaj woutin pou enfòmasyon sa yo ki disponib nan Systems of Records Notices entitled, Master Beneficiary Record, 60-0090, ak nan Medicare Database File, 60-0321. Avi, enfòmasyon adisyonèl ak enfòmasyon konsènan pwogram ak sistèm nou yo disponib sou Entènèt nan www.socialsecurity.gov oswa nan biwo Sekirite sosyal lokal ou an.

Deklarasyon konsènan Lwa sou Rediksyon Demach Administratif - Kòlèk enfòmasyon sa a respekte egzijans atik 44 U.S.C. § 3507, selon amannman seksyon 2 nan *Lwa 1995 sou Rediksyon Demach Administratif (Paperwork Reduction Act)*. Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo eksepte si nou afiche yon nimewo kontwòl Biwo Administrasyon ak Bidjè (OMB) ki valab. Nimewo kontwòl OMB a pou kòlèk sa a se 0960-0696. Nou estime l ap pran 30 minit pou li enstriksyon yo, rasanble enfòmasyon yo epi reponn kesyon yo. **Voye sèlman kòmmanchè ki gen pou wè ak estimasyon tan ki nesè pou ranpli dokiman sa a nan adrès ki anba la a: SSA, 6401 Security Blvd, Baltimore, MD 21235-6401.**

VOYE FÒM LA KI RANPLI NÈT TOUNEN BAN NOU NAN ADRÈS KI MAKE SOU ANVLÒP LA KI DEJA PEYE, KI DEJA GEN ADRÈS AK TENM SOU LI:

**Social Security Administration
Wilkes-Barre Data Operations Center
P.O. Box 1020
Wilkes-Barre, PA 18767-9910**